Утверждаю
Директор ________ / З.М.Омарова
«04» ___09___ 2023г.

Согласовано
«31» __августа__ 2023г.
Зам. директора по УВР
________ / М.И.Магомедмусаева

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**По родной литературе 5 класс**

**(1 часу в неделю, за год 34 часов)**

**учебно-методический комплект: «Просвещение» 2023**

Планирование составлено на основе общеобразовательной программы
*Москва, «Просвещение» авторы: Ч.М.Меджидова.Г.А.Магомедова*

**учитель: *Магомедалиева М.Г.***

**2023-2024уч. год**

**ГКОУ РД «Ибрагимотарская СОШ Тляратинского района»**

# Авар адабияталъул программаялъе баян

Художествияб адабияталъ кӀудияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, гӀагараб халкъалъул рухӀияб бечелъиялъул къучӀалда гӀолилазе тарбия кьезе.

Гьединлъидал школалда малъизе тӀаса рищун руго цӀалдохъабазе мустахӀикъал, магӀнаялъул ва мацӀалъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва цо-цо вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда тӀад хӀалтӀулаго, лъималазда лъазе кола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие битӀараб къимат кьезе ва адабияб теориялъул кӀвар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасихӀлъи ва гъварилъи.

РагӀул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.

Малъиялъул мурадлъун ккола рагӀул устарлъиялда лъимал хадур гъезари, камилал художествиял асаразда гъолъе раккизе ругьун гьари, пасихӀаб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул къучӀалда асаразулъ рихьизарурал общественниял гьоркьорлъабаздалъун, гӀадамазул гӀамал-хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бичӀчӀиялде рачӀин.

Адабияб курсалда жаниб хасаб бакӀ ккола ВатӀан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалъулго захӀматхалкъалъул мурадал цӀуниялъул асар цӀалдохъабалъ куцаялъ.

Адабияталъул дарсаз лъимал тӀамула миллатазул адаб-хӀурмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи вацлъи бищун къиматаб бечелъи хӀисабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе гӀоло цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул литератураялдаса авар мацӀалде руссинарурал лъикӀал асаразулгун.

Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, цӀалдохъабазул гӀелалъулаб хӀалбихьиги хӀисабалде босун, авар мацӀалда литератураялъул курс гӀуцӀун буго кӀиго бутӀаялдасан:

ТӀоцебесеб - 5-9 классазда литературияб цӀали, кӀиабилеб – Дагъистаналъул литератураялъул курс.

5-9 классазе цӀалул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги цӀунун. Гьениб хӀисабалде босула байбихьул классазда цӀалул дарсазда лъималазе щвараб хӀалбихьи ва гьениб лъураб къучӀалда гӀуцӀула хадубккун литературияб цӀали.

5-9 классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъикlал ресал ругел, ричlчlизе бигьаял,художествтияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб кlалзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул тlаса рищарал асарал.

Гьеб программаялъул аслияб тlалаб:

литератураялде аслияб рокьи базаби;

чвахун ва пасихlго цlалиялъул бажари камиллъизаби;

малъулел асаразул гъварилъуде раккизе ва аслияб пикруялда( идеялдаe хадур гъезе кlвезелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, тlахьал цlализе гъира-шавкъ бижизаби.

5-9 классазе тlаса рищарал асаразрес кьола цlалдохъабазул гlумруялъул хlалбихьи бечед гьабизе,сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе,гьезулъ рухlияб сахаватлъи куцазе, гlумруялда дандчlвалел гlемерал лъугьа-бахъиназе битlараб къимат кьезе ругьун гьаризе.

Щибаб классалъул курс гlуцlун буго тарихиябгун тематикияб тартибги цlунун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай гlаммлъизабизе,литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал чlванкъотlараб тарихияб заманалда хурхарал руклlин цlалдохъабазда бичlчlизаби, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб батlи-батlияб тарихияб заманалъул гlадамазул гlумруги гlамал-хасиятги ва рукlа-рахъинги гвангъун цебечlезабун буклlин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб кlвар: гьанжесеб гlумруялъе битlараб къимат кьун бажаруларо, аралда данде кквечlого.

10-11 классазда малъула Дагъистаналъул литература.

10-11 классазда малъизе хlисабалде росун руго Дагъистаналъул вацлъиялъул миллатазул машгьурал рагlул устарзабазул тlаса рищарал асарал.

Тlасиял классазда авар ва Дагъистаналъул литература малъиялъул аслияб масъалалъун ккола художествиял асарал гъваридго ричlчlулев, гьезул идеялда( аслияб пикруялда),сипатияб каламалъул хаслъабазда хадув гъолев,гьезие битlараб къимат кьун бажарулев,жиндир халкъалъул рухlияб бечелъи босарав чилъун щивав цlалдохъан вахъинави. Авар адабияталдаги инсаниятальего гlаммал образал ратизе ва ратlа рахъизе лъимал ругьун гьарула. Учителас цlалдохъабазда малъула халкъалъ чlезарурал рухlиял гlурхъабазда рекъон героязул хьвада-чlвади, гlамал-хасият барцине.Гьебго хlалтlи гlурус адабияталъул дарсаздаги гьабулелъул, кlиябго адабияталда рухlиял тlалабал тlурараб куц данде ккун, гlаммал рахъал ратани, лъимал хlасилалде рачине захlмалъуларо.

Школалда малъизе тlаса рищун руго хъвадарухъанасул художествтияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе мустахlикъал асарал. Цlалдохъабазда тlадаб буго классалданиги рокъобниги

гьел асарал тlуранго цlализе. Цlалулаго лъугьараб рухlияб асаралъул кьучlалда гьабула анализалъулаб хlалтlиги.

Асарал малъулаго,хъвадарухъанасул гlумруялъул

ва творческияб нухалъул хlакъалъулъ баяналги кьезе ккола.
Гьелъ квербакъула художествиял асарал гъваридго ричlчlизаризе гуребги, Ватlаналъе ритlухъав, халкъалъул рухlияб байрахъ борхатго ккезе къеркьарав рагlул устарасул хlалуцараб гlумру, жигараб хlаракатчилъи баян гьабизеги.Гьелъул хlасилалда цlалдохъабазда цебе чlезе ккола тlолабго жиндир пагьму-гьунарги рекlел бухlиги хирияб Ватlаналъе,гlагараб халкъалъе ва хъулухъалъе кьурав гlакъилав авторасул гвангъараб сипат.
Аваразул ва Дагъистаналъул цогидалги миллатазул адабияталъул гlаммаб цебетlеялъул бицинеги программаялда заман бихьизабун буго.
Анализ гьабулелъул, тlадчlей гьабула малъизе рихьизарурал асаразда ва пайда босула цереккун малъараздаса.
1946-1990 соназда Дагъистаналъул халкъазул адабият малъулаго, тlадчlей гьабизе ккола программаялда кьурал тlасарищарал асаразда.
10-11 классазда Дагъистаналъул цогидал миллатазул литератураялдаса бищунго лъикlал рагlул устарзабазул цо-цо асарал гъваридго малъиялъ рес кьола Дагъистаналъул халкъалъул гъунки, рухlияб цолъи, гlахьалаб къисмат, батlи-батlияб кьералъул цогояб культура букlин бихьизабизе, миллатазда гьоркьоб гьуинлъи-вацлъи бищун тlадегlанаб хазиналъун лъугьин баян гьаби. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул цебесеб ва гьанжесеб къисматалъул релълъен, гьезул адабият цогояб чвахиялда свери баянго бихьизабизе бигьалъула дандеккун хал гьабураб мехалъ.Программаялда мухlканго чlезарун руго щибаб классалда лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал.
Теориялдаса авалиял баянал кьезе байбихьула 5 классалда, хадубккун гьезул сияхl цlикlкlинабизе, малъарал гъварид гьаризе хlисабалде росун руго. Асаралъул анализ гьабулелъул, теориялъул баяназдаса гlатlидго пайда босизе ккола.
10-11 классазда мугъчlвай гьабула гlурус адабияталъул дарсазад малъараб материял адабияб теориялъул баяназда.



Рагlа ракьанде щун, адабияб лъай кьеялъул масъала тlубан бажаруларо, гlатlидаб къагlидаялъ класстун къватlисеб цlали гlуцlичlого. Гьединлъидал чара гьечlого тlубазе ккола класстун къватlисеб цlалиялъул программа. Гьезда тlасан гара-чlвари гьабизе хасал дарсалги рихьизарун руго. Мугlалимасда тlадаб буго цlалдохъабазе цlализе кьезе цохlо рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъарал,критиказ реццарал цlиял асаралги.
Щибаб классалъул программаялда кьун буго кlалзул ва хъвавул калам цебетlезабизелъун тlоритlизе кколел хlалтlабазул къадар.
Гьел хlалтlаби щулаго рухьарал руго адабиял асарал малъиялда. Гьединлъидал лъималги ругьунлъула сипатияб каламалде, поэтазул хъвадарухъабазул пасихlаб

мацlалде, рагlаби дандразе, хабар гlуцlизе, магlнаялда рекъараб форма батизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелдальун асаразул анализ гьабизеги, гьезие къимат кьезеги цlалдохъабазул къимат борхула. Программаялда чlезабун буго, адабияталъул курс малъулаго, лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине бажариялъул мухlканаб гlурхъи-рахъ.

Лъазе ккола малъулел асаразул хlасил бицине, щибаб классалъул программаялда къурал литературияб теориялъул баяназдаса гlатlидго пайда босизе, программаялъ тlадаллъун гьарурал текстал реклlехъе цlализе. Ругьунлъиялъулгун бажариялъул тlалабал кlийиде рикьун руго:

1) Асаралъул анализ гьаби ва гьелъие къимат кьун бажари.

2) Калам гlуцlун бажари.

Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун кьураб цlалул заман. Цlалдохъабазул къадаралде, лъаялде ва гьезулгун классалда хlалтlи гьабизе ругел шартlазде балагьун, яги методикияб рахъалъ чара гьечlеблъун бихьулеб бугони, учителасул ихтияр буго, цо-цо темаялъе кьурал сагlтазул къадар, жиндаго лъиклъблъун бихьараб къагlидаялъ хисизабизе.

Адабияталъул дарсазда цадахъго гlатlидго бачине ккола класстун къватlисеб хlалтlиги: адабияб кружок, цlаларал тlахьазда тlасан бахlсал-конференциял тlоритlи, литературиял хlаял, пасихlго кучlдул, харбал цlалиялъул къецал, концертазде, киноялде, театралде цадахъ ин ва бихьаралда тlасан гара-чlвари гlуцlи, поэтазул, хъвадарухъабазул баклlазде сапарал гьари, литературиял музеязде щвей, халкъияб кlалзул гьунаразул асарал раклlари гlадал тадбирал.

## 5 классалда адабиял темабазда тlоритlулел кlалзулал ва хъвавулал хlалтlабазул аслиял тайпаби.

Бичlчlизе бигьаяб гlелмияб мацlалда хъваралги художествиялги текстал рагlун, дурун цlалазе ругьун гьари. рекlехъе лъазарурал художествиял асарал пасихlго цlали, кlудиялдаса цо бутlаялъул гlатlидгоги( тексталде гlагарун) къокъгоги хlасил бицин ( абунги хъванги), гьелда гьоркьобе сурат-сипаталъул бицунел бакlалги ккезари. Цlалдохъабазул жидерго захlматалъул, гьез жамагlаталъе гьабулеб пайдаяб хlалтlул бицарал сочинениял хъвай.

Багьадураздехун, гьезул ккарал лъугьа-бахъиназдехун жиндилъ бижараб пикруги загьир гьабун, телевизоралдасанниги киноялданиги рихьарал фильмабазул, цlалараб художествияб асаралъул хlакъалъулъ бицун бажари.

## Авар мацlалъулгун бухьен

Къураб темаялда хабар гlуцlи.
Гlадатаб план.
Сипатияб ва гlадатияб гlелмияб калам.
Гьезул батlалъи.
Предметазе гьабураб сипат-сурат цlунун, хабарияб тексталда тlасан изложение хъвай.
Рагlул битlараб ва хъвалсараб магlна хал гьаби.
Синонимал, антонимал, гаргар, тема, тексталъул аслияб магlна баян гьаби.

## Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъан
## 5 классалъул цlалдохъабазда цере лъолел аслиял тlалабал
## Цlалдохъабазда лъазе ккола:

- лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цlарал;
- лъазарурал асаразул багьадуралги ва гьел гьоркьор гlахьаллъулел лъугьа-бахъиназул рахасги;
-адабияб теориялдаса баянал:
художествияб асаралъул багьадур, багьадурасул монолог, диалог;
дандекквей, олицетворение,эпитет.
-адабиял маргьабаздаса халкъиял маргьабазул батlалъи
-программаялда рекlехъе лъазаризе рихьизарурал текстал

**Цӏалдохъабазда бажаризе ккола:**

-лъазарурал асаразда гъорлъа хасал лъугьа-бахъинал ратӏа рахъизе;
- лъазарелел асаразда жанир кколел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва гӏилла-мурадияб бухьен чӏезаби;
-малъулеб асаралда жаниб дандекквеял,эпитетал,олицетворениял ратизе ва текстазда гьоркьоб гьезул бугеб кӏваралъе баян кьезе;
-мугӏалимасул тӏадкъаялда рекъон лъазабулеб асаралъул багьадурасул гӏамал -хасият бицине.
- минуталда жаниб 90-100 рагӏи кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал рагӏун, ритӏун ва чвахун цӏализе;
-рекӏехъе лъазарурал асарал пасихӏго цӏализе;
-гьитӏинаб хабарияб асар, яги цо бутӏа изложение хӏисабалда бицине ва хъвазе;
-захӏматалъул темаялда сочинение хъвазе ( жиндирго хӏалтӏул хӏалбихьиялъул къучӏалда);
-асаралъул багьадурасул хасият рагьизе ( бицунги хъванги)
-гьитӏинаб хабарияб асаралъул яги кӏудиялъул цо кесекалъул план гӏуцӏизе;
- асаралъул багьадураздехун ва лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб бербалагьиги загьир гьабун, жинцаго цӏаларал художествиял асаразе къимат кьезе ( бицун).



**Жидецаго цӏализе кколел асарал:**

«Гьабигьанасул лъимал»- маргьа
«Рахъухъирщ» - маргьа
Бечелъи кlваричlо-махщел бокьила»- маргьа
«Дир санал тlикъваялда хъван руго»- маргьа
«Авар халкъалъул кицаби, абиял, бицанкlаби»- З.Гlалиханов
«Аздагьо чlвараб гlужрукъ» - А.Акавов
«Кусачиясулги бесдалазулги хlакъалъулъ маргьа»- Гl.Хачалов
«Рии тlадбан буго дир тlалъиялда. Ватlаналъул махl»- Ф.Гlалиева
«Нилъералго рицине бегьуларо»- М.Гlабдухlалимов
«Их».»Хасел».»Оцол гlумру». «Радиоялъул хlакъалъулъ» - Цl.Хlамзат
«Тlогьол магlданl – З.Хlажиев
«Лекlи». «Алазан». «Херал магlарулал» - Р.Хlамзатов
«Кантlи» - Гl. Расулов
«Гьитlинав найихъан» - А.Мухlамаев
«Лъадал парччи» -Т.Таймасханов
«Дир Дагъистан» - Хl.Гъазимирзоев
«Кучlдул» - Д. Яндиев

Реклехъе лъазаризе кколел асарал:

«Ганчlил вас» - («васас гlодове виччан, буртина гъажалде рехана»,- ян абураб баклалдаса лъугlизегlан)
«Гъалбацlги гlанкlги» - Цl.Хlамзат ( Гlалхуда бертин 8-10 куплет).
« Тlабигlат берцинаб жо» - И. Гlалихlажияв
« Маша» - Р. Хlамзатов ( 2 бутlа)

# Авар адабият. 5 класс.

| № п/п | Дарсил тема | Саг1 ат | Словарияб х1алт1и | Наглядность | Такрар гъаби материал | Рокъобе Х1алт1и | Къо моц1 | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Халкъияб к1алзул гъунар «Ганч1ил вас» | 1 | Тепи, караван, ралъхъаби, чадираби, ц1об бук1унаро, | Маргъабазул т1ахьал | Фольклорият асарал | Г1адатаб анализ | . | |
| 2 | «Лъабго гъунар гъабурав бах1арчи» | 1 | Аштархан, куй, къоролай, щербеталъул, | Журнал «Лачен» | «Ганч1ил вас» | Х1асил бицине | . | |
| 3 | «Дир сонал т1икъваялда хъван руго» (маргъа) | 1 | Х1илла, рек1к1, | Журналал «Лачен» ва «Гъудуллъи» | «Лъабго гъунар гъабурав бах1арчи» | 5 куплет рек1елхъе | | |
| 4 | «Къурулъ хут1арав Г1али» | 1 | Г1арщ, можоро, нухъи, хъвак1дей, милъир | Халкъиял куч1дузул мажмуг1 | ««Дир сонал т1икъваялда хъван руго» » | | | |
| 5 | Бицанк1аби. Кицаби. | 1 | | Журнал «Лачен» | «Къурулъ хут1арав Г1али» | Бицанк1аби хъвазе тетр. | | |
| 6 | **Изложение «Х1амаги г1анк1ги»** | 1 | | Изложениязул мажмуг1 | | | | |
| 7 | «Янгъизасул кеч1» «Мискинлъи» «Даргиязул халкъияб кеч1» | 1 | | Маргъабазул т1ахьал | Кицаби ва абиял | | | |
| 8 | Ц1.Х1амзат «Гъалбац1ги г1анк1ги» | 1 | Бахъин, х1ал-зулмуялда, пурман, парчах1, гъванщуяб, т1епун, | Хъвадарухъа-насул сурат | «Ягъизасул кеч1» | Г1адатаб анализ | | |
| 9 | Ц1.Х1амзат «Гъалбац1ги г1анк1ги» | 1 | заг1фиран, г1анграл, айгъур, | Хъвадарухъа-насул сурат ва т1ахьал | «Мискинлъи» | II бут1аялъул 5 куплет рек1елхъе | | |
| 10 | Г1абдулмажид Хачалов «Шахламаз» | 1 | | Хъвадарухъа-насул сурат | Ц1.Х1амзат «Гъалбац1ги г1анк1ги» | Х1асил бицине | | |
| 11 | Г1абасил Мух1амад «Ч1ибирикъ» | 1 | нуцал, бика, харанги, гъараваш, махмар, лъунка, хъундахъ, руг1ел, ссуй. | Хъвадарухъа-насул сурат | Г1. Хачалов «Шахламаз» | Пасих1го ц1ализе | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 12 | И.Г1алих1ажияв «Бечедал чаг1азде» | 1 | Зайну, щокъльич1ого, рикъзи, дадал | Хъвадарухъа-насул сурат | Г1абасил Мух1амад «Ч1ибирикъ» | Рек1exъe лъазабизе | | |
| 13 | «Т1абиг1ат берцинаб жо» | 1 | Ваг1за, сух1мат, зулму, | | | | | |
| 14 | Ругъжаса Эльдарилав «Хъуру-хъара» | 1 | Далил, Эхул Г1амирхан, Г1уртан, ч1ух1би, Айтамир, Г1али. | Хъвадарухъанасул куч1дузул т1ахьал | И.Г1алих1ажияв «Бечедал чаг1азде» | Г1адатаб анализ | | |
| 15 | **Изложение «Наби»** | 1 | Т1уцаб, т1аг1ам, къасд, вилълъун, т1арамагъадаги, | Изложениязул мажмуг1 | | | | |
| 16 | Кочхюралдаса Саг1ид «Мильиршо» | 1 | Мильиршо | | Ругъжаса Эльдарилав «Хъуру-хъара» | Х1асил бицине | | |
| 17 | Абут1алиб Гъапуров «Дир г1умру» | 1 | | Хъвадарухъа-насул сурат | Мильиршо | Пасих1го ц1ализе | | |
| 18 | Абут1алиб Гъапуров «Дир г1умру» | 1 | | Хъвадарухъа-насул сурат | К/ Саг1ид «Мурсалханасе наг1ана» | Г1адатаб анализ | | |
| 19 | Г1азиз Иманагъаев «Х1алт1ухъанасул г1умру» | 1 | Заг1иплъун, бокъун, десятник, къавм, | Хъвадарухъа-насул сурат | Абут1алиб Гъапуров «Дир г1умру» | Г1адатаб анализ | | |
| 20 | Мух1амад Шамхалов «Зурмихъабазул нохъода» | 1 | Чванта, мигълъун, | Хъвадарухъа-насул сурат | Г1азиз Иманагъаев «Х1алт1ухъанасул г1умру» | Х1асил бицине | | |
| 21 | М. Сулиманов «Х1инкъараб сапар» | 1 | | Хъвадарухъа-насул сурат | М.Ш.«Зурмихъаба-зул нохъода» | Г1адатаб анализ | | |
| 22 | М. Сулиманов «Х1инкъараб сапар» | 1 | | Хъвадарухъа-насул сурат | | Х1асил бицине | | |
| 23 | **Сочинение «Дир эбел»** | 1 | | | | | | |
| 24 | Расул Х1амзатов «Вера Васильевна» | 1 | г1азизаб, бугътанал, панаяб, комунарал, | Хъвадарухъа-насул сурат ва т1ахьал | М. Сулиманов «Х1инкъараб сапар» | 5 куплет рек1exъe | | |
| 25 | Расул Х1амзатов «Маша» | 1 | Рейхстагалъул къед, россег1ан, х1анкъва, гурга, гурмендо, лепек, | Хъвадарухъа-насул сурат ва т1ахьал | Расул Х1амзатов «Вера Васильевна» | Пасих1го ц1ализе | | |
| 26 | Г1. Хачалов «Т1аса лъугьа, гьалмагъ майор» | 1 | Землянка, фашистал, хъабарча, | Хъвадарухъа-насул сурат | Расул Х1амзатов «Маша» | Х1асил бицине | | |
| 27 | Г1. Хачалов «Т1аса лъугьа, гьалмагъ майор» | 1 | хъанч, килиса, | Хъвадарухъа-насул сурат | | Г1адатаб анализ | | |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 28 | Фазу Г1алиева «Рии т1ад бан буго дир т1алъиялда» | 1 | | Хъвадарухъа-налъул сурат. | «Т1аса лъугьа, гьалмагъ майор» | Пасих1го ц1ализе | | |
| 29 | Мух1амад Г1абдулх1алимов «Инсул мина» | 1 | Хит1аб | Хъвадарухъа-налъул сурат ва т1ахьал | Фазу Г1алиева «Рии т1ад бан буго дир т1алъиялда» . | Г1адатаб анализ | | |
| 30 | М.Г1абдулх1алимов «Инсул мина» | 1 | | Хъвадарухъа-налъул сурат ва т1ахьал | | Х1асил бицине | | |
| 31 | **Изложение «Ясги ц1ц1еги»** | 1 | Фашистал, партизанал, разведчикал, | Изложениязул мажмуг1 | | | | |
| 32 | Абумуслим Жафаров «Сих1ираб ци» | 1 | | Журнал «Лачен» | Мух1амад Г1абдулх1алимов «Инсул мина» | Х1асил бицине | | |
| 33 | К. Темирбулатова. «Дир лъимерлъиялда хиял бук1ана» | 1 | | Хъвадарухъа-налъул сурат ва т1ахьал | Абумуслим Жафаров «Сих1ираб ци» | Пасих1го ц1ализе | | |
| 34 | Класс тун къват1иб ц1али Ц1. Х1амзат «К1иго кетуги церги». | 1 | | Хъвадарухъа-налъул сурат ва т1ахьал | К.Темирбулатова. «Дир лъимер.хиял бук1ана» | Г1адатаб анализ | | |

